

Kisa Sèvis tranzisyon segondè yo ye ?

Pou tout elèv ki gen IEP ki gen 14-22 zan, sèvis tranzisyon segondè yo se yon seri aktivite koòdone ki baze sou sa yon elèv bezwen, sou sa l fè byen, sou sa l renmen, ak sou sa l vle fè. Yo kreye aktivite sa yo pou ede l atenn vizyon l pou lavi adilt li. [Individuals with Disabilities Education Act (IDEA) (Lalwa sou edikasyon pou moun ki gen andikap) 34 C.F.R. § 300.43.]

Yo ta dwe kòmanse Sèvis tranzisyon segondè yo a 14 zan epi :

- Lekòl la, elèv la, fanmi an, ak patnè yo tankou ajans pou adilt yo oswa anplwayè yo dwe planifye ak dokimante yo avèk anpli refleksyon chak ane nan reyinyon ak Ekip IEP a.
- Yo dwe aplike yo chak ane pou devlope konpetans elèv la epi mete yo pi prè siksè nan edikasyon oswa fòmasyon apre lekòl segondè, travay konpetitif, lavi otonòm, ak patisipasyon kominotè.

Poukisa Sèvis tranzisyon segondè yo enpòtan ?

Sèvis tranzisyon segondè yo bay elèv yo enstriksyon ak eksperyans yo bezwen pou yo etabli ak atenn objektif yo epi pou yo akeri konpetans ki pral ede yo reyisi kòm adilt.



Resous yo

The LINK Center, yon pwojè tranzisyon Federasyon pou timoun ki gen bezwen espesyal : www.fcsn.org/linkcenter/

Sit entènèt Tranzisyon segondè edikasyon espesyal MA ESE a : www.doe.mass.edu/sped/secondary-transition/

Konsèy sou asistans teknik SPED 2017-1 : Karakteristik bonjan Sèvis tranzisyon segondè yo : www.doe.mass.edu/sped/advisories/2017-1ta.pdf

Plan aprantisaj ki baze sou travay nan Massachusetts : www.massconnecting.org/content/overview-work-based-learning-plan

Gid pou aplike Plan aprantisaj endividyèl nan Massachusetts : www.doe.mass.edu/ccr/school_counseling/ilpguidance2014.pdf

Sant karyè ki bay sèvis konplè nan Massachusetts yo : www.mass.gov/massachusetts-one-stop-career-centers



Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education
75 Pleasant Street
Malden, MA 02148
781-338-3000 | www.doe.mass.edu



FEDERATION FOR CHILDREN

WITH SPECIAL NEEDS

The Schrafft Center
529 Main Street, Suite 1M3
Boston, MA 02129
800-331-0688 | www.fcsn.org

Konsèy sou tranzisyon pou paran yo ak elèv ki gen IEP yo

(Laj 14-22 zan)



Sèvis tranzisyon segondè

Yon seri bwochi The LINK Center fè. The LINK Center se yon pwojè Federasyon pou timoun ki gen bezwen espesyal ak Depatman Edikasyon Primè ak Segondè nan Massachusetts [Elementary and Secondary Education (ESE)] ap dirije

Sèvis tranzisyon segondè yo : Bagay ou bezwen konnen...

KONSÈY 1 : Chak ane nan reyinyon IEP pou tranzisyon an, poze kesyon tankou :

- Ki konpetans elèv la genyen kounye a akòz sèvis tranzisyon ane pase yo ?
- Èske elèv la te atenn objektif IEP anyèl li yo ane pase ? Si l pa t atenn yo, poukisa ?
- Ki enfòmasyon nou genyen ki soti nan evalyasyon tranzisyon yo k ap ede nou planifye sèvis tranzisyon yo ane sa a ?
- Ki sèvis tranzisyon endividyalize elèv la bezwen ane sa a ?
- Ki moun ki byen plase pou bay sèvis tranzisyon yo ane sa a ? Pa egzanp, èske se yon òtòfonis (terapet pou langaj) ? Yon edikatè espesyal ? Yon antrenè nan domèn chache travay ? Yon konseye pedagojik ? Yon mèt anglè ? Yon antrenè sou vwayaj ? Yon konseye nan readaptasyon pwofesyonèl ?
- Ki kote y ap bay sèvis tranzisyon yo ane sa a ? Pa egzanp, nan lekòl segondè, nan yon sant lavi otonòm, nan yon kanpis inivèsité, oswa nan yon travay ?
- Kòman nou pral swiv konpetans elèv la ap akèri akòz sèvis tranzisyon yo ?

Sèvis tranzisyon segondè yo konstwi konpetans elèv yo bezwen pou yo jwenn siksè nan lavi yo kòm etidyan adilt, travayè, ak manm kominote.



KONSÈY 2 : Sèvis tranzisyon segondè yo ede elèv yo aprann konpetans y ap ka itilize nan lavi adilt. Pa egzanp, tou depan de vizyon ak bezwen ki an rapò a andikap chak elèv, sèvis tranzisyon segondè yo ka ede yon elèv :

- Pouswiv edikasyon l oswa fòmasyon l apre lekòl segondè
- Jwenn ak rete nan yon travay pou sipòte tèt li
- Viv pi otonòm posib ak defann pwòp bezwen l
- Patisipe ak entegre nan kominote l
- Konprann ak pran swen bezwen medikal li, finansye l, ak pèsònèl li

KONSÈY 3 : Sèvis tranzisyon segondè yo ta dwe baze sou sa yon elèv bezwen, sa l fè byen, sa l renmen, ak sa l vle fè. Sèvis tranzisyon segondè yo :

- Dwe adapte endividyèlman pou reponn a bezwen inik chak elèv
- Pa ta dwe limite a pwogram ki egziste deja oswa tip andikap la
- Otan posib yo ta dwe ba yo sèvis sa yo ansanm ak moun ki pa gen andikap e ki nan menm gwoup laj ak yo ni nan lekòl la ni nan kominote a.
- Ankouraje elèv la pou l vin otonòm
- Ede elèv la pou l fè bonjan pwogrè ki efikas pou l atenn objektif li yo

Elèv ki resevwa sèvis tranzisyon segonè koòdone ak endividyalize pi byen prepare pou edikasyon apre lekòl segondè, travay kompetitif, lavi otonòm, ak patisipasyon kominotè.

Egzanp Sèvis tranzisyon segondè baze sou rezilta

Max ap kòmanse dènye ane lekòl segondè l. L ap pran diplòm li epi l gen plan pou l al nan inivèsité lwen lakay li. Li pran de kou AP (kou avanse), gras a sipò l jwenn nan men mèt sant aprantisaj yo. Max soufri ADHD ak twoub aprantisaj epi l itilize lojisyèl sentèz vokal ak aplikasyon òganizasyonèl sou iPad li. Yon konseye pedagojik ap ede l chache inivèsité, prepare aplikasyon l yo, epi deside kòman pou l divilge andikap li yo a yon Biwo sipò pou elèv andikape nan inivèsité a ak zanmi ak pwofesè l ap genyen alavni yo.

Sonja gen 20 tan epi l swete travay ak bèt lè l fin lekòl segondè a 22 zan. Lekòl li a te konekte l avèk sant refij pou bèt ki nan lokalite l la, kote l fè volontè, epi l resevwa antrenman pou l pran bis ale nan sant lan. Mèt Sonja a ap eksplòre tou posibilite pou Sonja al fè yon estaj peye kote nan lokalite a yo okipe chen, gen pansyon pou chen, oswa magazen kote yo vann bèt ak pwodui pou bèt. Akòz andikap Sonja, li gen pwoblèm pou l konprann sityasyon sosyal. Lekòl la te kreye yon kourikoulòm pou li pou l pratike ak amelyore konpetans li nan kominikasyon nan sant refij pou bèt la ak lòt travay alavni. Anplwaye yo nan sanj refij la soutni Sonja tou lè yo fè l imite kominikasyon ak bèt yo pratike avè l. Sonja, mèt li yo, ak sant refij la itilize Plan aprantisaj ki baze sou travay nan Massachusetts pou swiv konpetans li yo nan travay li.

Manuel se yon elèv nan dizyèm ane epi li espere pran diplòm li apre douzyèm ane. Vizyon l se pou l kite kay paran l yo epi al viv nan yon apatman avèk yon kamarad. Li soufri otis e li fò anpil akademikman, men li gen difikilte nan kapasite fonksyonman sosyal ak egzekitif. Pou Manuel ka otonòm, li dwe aprann kòman pou l jere lajan l ak jwenn yon travay. Manuel ak ekip li a te devlope yon IEP ki gen ladan yon objektif pou l aprann jere finans li, yon objektif pou l aprann teknoloji pou l itilize telefòn li pou l ka respekte delè, ak yon objektif pou konpetans sosyal. Manuel gen yon estaj peye nan Komisyon Readaptasyon Massachusetts la [Massachusetts Rehabilitation Commission (MRC)].

Plan tranzisyon ki reponn a enterè, bezwen, pwèn fò ak preferans elèv yo ap motive yo.